# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–30 अप्रैल 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस में चलि रहल लोकसभा चुनाव के ले के कई गो राजनीति दल परचार अभियान में आपन ताकति झोंकि दिहले हवें। जनसभा, रोड–सो अउर जनसम्पर्क अभियान के जरिये स्टार प्रचारक, नेता अउर ओम्मेदवार अपने–अपने पारटी के ओट देवे क अपीलि कइ रहल हवें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर में कहलें कि संविधान क गला घोंटि के पिछड़ा अउर अनुसूचित जाति के आरक्षण में सेंध मारि के धरम के आधार पर एक्के वर्ग बिसेस के आरक्षण दिहले क सपा, कांग्रेस अउर इण्डिया गठबंधन क मंसा देस क जनता पूरा नाहीं होखे देई। भारतीय जनता पारटी धरम के आधार पर कउनों तरह के आरक्षण क बिरोधी हौ। ओहर मैनपुरी लोकसभा सीटि से सपा ओम्मेदवार डिम्पल यादव आजु जशवंतनगर विधानसभा में आयोजित जनसभा के सम्बोधित कइलिनि। उहां के कहलीं कि भारतीय जनता पारटी संविधान अउर लोकतंत्र के खतम कइल चाहति हौ। जवन लोगि परिवारवाद क बाति करत हवें, उनके समझि लेवे के चाही कि आपो जवन गठबंधन चला रहल हईं ऊ परिवार वालन के सथहीं चला रहल हईं। ओहीं, कांग्रेस क सीनियर नेता अउर पूर्व सांसद पीएल पुनिया बतवलें कि उत्तर प्रदेस कांग्रेस कमेटी के जरिया से राहुल गांधी अउर प्रियंका गांधी के अमेठी अउर रायबरेली से चुनाव लड़े खातिर प्रस्ताव भेजल गइल हौ। जल्दिये येह पर आखरी फैसिला लिहल जाई।

**********

प्रदेस में कई फेरा में होखे वाला लोकसभा चुनाव के ले के परचा भरले क काम चलि रहल हौ। कई गो दलन क ओम्मेदवार सम्बन्धित जिला मुख्यालय पर बनल नामांकन स्थल पर पहुंचि के आपन परचा दाखिल करा रहल हवें। येही क्रम में आजु अम्बेडकरनगर लोकसभा सीटि से सपा ओम्मेदवार लालजी वर्मा आपन परचा दाखिल कइलें। उनके अलावा जालौन लोकसभा सीटि से बसपा ओम्मेदवार सुरेश चन्द्र गौतम अउर फैजाबाद लोकसभा सीटि से इण्डिया गठबंधन क सपा ओम्मेदवार अवधेश प्रसाद दुइ सेट में आपन परचा दाखिल कइलें।

**********

प्रदेस में तिसरका फेरा के तहत दस लोकसभा सीटिनि पर सात मई के ओट परी। येह सीटिनि में बदायूं लोकसभा सीटियो सामिल हौ। बदायूं लोकसभा सीटि में पांच विधानसभा क्षेत्र आवे ला। एहमें गुन्नौर, बिसौली, सहसवान, बिल्सी अउर बदायूं सामिल हौ। एहवां कुलि चउबीस लाख नौ हजार नौ सौ पांच मतदाता सात मई के इग्यारह ओम्मेदवान के भागि क फैसिला करिहें। एहमें बारह लाख बानबे हजार दुइ सौ छियासी पुरूष मतदाता अउर इग्याह लाख सतरह हजार पांच सौ सोरह महिला मतदाता आ एक सौ तीनि थर्ड जेंडर मतदता हवें। समाजवादी पारटी क गढ़ मानल जाये वाली येह सीटि से पहिले शिवपाल सिंह यादव के ओम्मेदवार बनावल गइल रहे बाकिर बाद में उनकर बेटा आदित्य यादव के चुनाव मैदान में उतारल गइल। आदित्य यादव से पहिले धर्मेन्द्र यादव येह सीटि से दुइ हजार नौ अउर दुइ हजार चउदह में सांसद बनि चुकल हवें। मोदी लहरि में ऊ दुइ हजार चउदह में आपन सीटि बचवले में कामयाब रहलें। धर्मेन्द्र यादव दुइ हजार ओन्नइस के चुनाव में स्वामी प्रसाद मौर्य क बेटी संघमित्रा मौर्य से चुनाव हारि गइल रहलें। खास बाति ई हौ कि येह बेरि भाजपा अउर सपा दुन्नो अपने ओम्मदवार के बदलि दिहले हवे। सपा, आदित्य यादव त भाजपा, क्षेत्रीय उपाध्यक्ष दुर्बिजय सिंह शाक्य के टिकट दिहले हौ। ओहीं, बसपा शेखुपुर क पूर्व विधायक मुस्लिम खां के उतारि के मोकाबिला के त्रिकोंणीय बना दिहले हवे।

**********

लोकसभा चुनाव में मतदान फीसदी बढ़ावे बदे प्रदेस स्तर पर कई गो जागरूकता कार्यक्रम क आयोजन कइल जा रहल हौ। आजु आजमगढ़ जिला में लोकसभा सामान्य निर्वाचन के देखत जवने बूथन पर ओट पचास फीसदी से कम रहल हौ, ओह बूथन पर चौपाल लगा के मतदाता जागरूकता रैली के जरिया से मतदान फीसदी बढ़ावे बदे लोगिन के जागरूक कइल गइल। येही क्रम में श्री यमुना स्मारक इण्टर कॉलेज मौली मनिहा, सिंहपुर के छात्रन की ओरि से उप जिलाधिकारी के अगुआई में मतदाता जागरूकता रैली निकारल गइल। पीएम श्री कम्पोजिट विद्यालय महराजगंज में मतदाता लोगिन के जागरूक कइले के उद्देस्य से चुनावी चौपाल क आयोजन कइल गइल। एकरे अलावा मऊ में दिव्यांग लोगि ट्राइ साइकिलि के जरिया से मतदाता जागरूकता रैली निकारि के लोगिन से ओट देवे क अपीलि कइलें।

**********

दुबई में आयोजित एक्कइसवां जूनियर एसियन चैम्पियनसिप में अमरोहा क गांव सरकड़ा कमाल क रहवइया हर्षित हैमर थ्रो में स्वर्ण पदक पा के देस अउर प्रदेस क नांव रोसन कइलें। हर्षित, ई उपलब्धि छाछठ दसमलव सात सुन्न मीटर हैमर थ्रो कइले के साथे हासिल कइले हवें। उहां के अपने सफलता क श्रेय कोच निर्भय सिंह अउर भूपेन्द्र सिंह के सथहीं अपने माता–पिता के दिहलें।

**********

मथुरा कृष्णकुलम विद्यालय में आजु अन्तर्राष्ट्रीय नृत्य दिवस बहुते उछाह के साथे मनावल गइल। येह दौरान छात्र–छात्रा अपने कई गो सांस्कृतिक प्रस्तुति दे के माहौल के खुसहाल बनवलें। कार्यक्रम क सुरूआति मां सरस्वती के वंदना के साथे भइल। ओकरे बाद छात्रा लोगि अलगि–अलगि थीम पर सुन्दर सांस्कृतिक प्रस्तुति दे के लोगिन के मंत्रमुग्ध कइ दिहलिनि।

**********